

Bilten pou Pwopriyetè Byen Imobilye – Jen 2022

Chè Pwopriyetè Byen Imobilye,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman lojman (HPD) bay mizajou detanzantan sou nouvo règ ak enfòmasyon sou materyo ak resous ki disponib pou pwopriyetè etablisman rezidansyèl yo yon fason pou ede yo konfòme yo ak Règleman sou mentnans kay yo nan vil New York, ak lwa sou lojman miltip Eta New York epi ak lòt règleman minisipal enpòtan. Vizite [sit entènèt HPD](#) a pou li bilten sa a (ak bilten pase yo) nan lòt lang.

Objektif piblikasyon sa a se bay enfòmasyon sèlman e li pa gen objektif bay konsèy jiridik. Enfòmasyon sa a se pa yon deklarasyon konplè oswa final de tout responsablite pwopriyetè ak lokatè genyen anrapò ak lalwa ak règleman ki gen rapò ak lojman nan vil New York.

Sètifika Absans Pèsekisyon (CONH)

Lwa Lokal 140 2021 (anplas apati 31 oktòb 2021) pwolonje epi modifiye Pwogram Pilòt Sètifikasyon Absans Pèsekisyon an jiska 27 septanm 2026. Li egzije pwopriyetè kèk etablisman pou jwenn yon Sètifika Absans Pèsekisyon (CONH) nan Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman anvan yo jwenn pèmi nan Depatman Bilding (DOB) lan pou travay otorize yo. Jan lalwa ak règleman vil New York bay plis detay sou sa, travay otorize yo gen ladan: (1) demoli yon pati oswa tout bilding Pwogram Pilòt la, sof demolisyon pa anndan ki fèt pandan renovasyon nan lojman abitab pou repare lojman kote yon pèmi nesèsè pou fè travay pou regle pwoblèm sante ak sekirite piblik ki lakòz yon ajans meri a bay yon kontravansyon; (2) chanjman itilizasyon oswa okipasyon de tout oswa yon pati lojman an oswa bilding ki abrite lojman yo; (3) nenpòt modifikasyon ki lakòz yo ajoute oswa retire kizin oswa douch, yon ogmantasyon oswa rediksyon nan kantite lojman abitab yo, oswa nenpòt chanjman nan dispozisyon, konfigirasyon, oswa pozisyon de nenpòt pati nan nenpòt lojman abitab; (4) yon aplikasyon pou yon nouvo sètifikasyon okipasyon oswa youn ki modifiye ak (5) lè yo retire sistèm chofaj santral e lè yo ranplasel ak yon sistèm chofaj ki gen kontè apa.

Bilding ki konsène nan Pwogram Pilòt yo gen ladan: (1) etablisman ki degrade anpil selon sa Endis Kalifikasyon Bilding detèmine, (2) etablisman moun dwe kite totalman akòz yon òdonans (sof etablisman moun dwe kite akòz yon dife) ant 21 oktòb 2016 a 31 oktòb 2021, (3) etablisman ki te resevwa yon òdonans epi ki kite pwogram Aplikasyon Altènatif la 31 oktòb 2021 oswa apre dat sa, (4) etablisman kote yon administratè nome nan kad pwogram 7A a te kite apre dat 31 oktòb 2021, amwenske etablisman an te enplike nan yon prè reyabilitasyon nan men HPD oswa HDC ak (5) etablisman kote yon tribinal oswa New York Homes and Community Renewal te pran yon desizyon ki konfime gen pèsekisyon aprè 31 oktòb 2016.

Kòm rapèl, etablisman ki gen yonsèl chanm ak etablisman ki sitiye nan plizyè Distri Espesyal atravè vil la oblije jwenn tou yon Atestasyon Absans Pèsekisyon anvan yo kòmanse fè travay otorize yo. Etablisman sa yo anba yon règleman ak lwa separe.

Pou aprann plis bagay sou Pwogram Pilòt CONH la, pou wè lis bilding ki afekte pa lwa lokal 140 2021 an, pou jwenn aksè nan pòtay anliy HPD pou w ka resoumèt yon aplikasyon CONH oswa pou jwenn yon

aplikasyon sou papye pou pwogram nan, tanpri al gade nan: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/certification-of-no-harassment-conh.page>

Depatman Biding (DOB)

Ou envite nan “**Biding aprè lè travay**” - Depatman Biding Vil New York pwolonje lè [biwo awondisman li yo ouvri](#) (4:00pm rive 7:00pm) chak madi pou fè l pi fasil pou pwopriyetè kay, pwopriyetè ti biznis, lokatè ak administratè etablisman yo jwenn repons pou kesyon yo genyen sou Depatman Biding lan. Ou pa bezwen gen yon randevou!